

**PENERAPAN MODEL PEMBELAJARAN *PROBLEM BASED LEARNING*  
PIKEUN NGARONJATKEUN HASIL BELAJAR SISWA DINU SUBTEMA  
KEBERAGAMAN BUDAYA BANGSAKU**

**(Panaluntikan Tindakan Kelas dilakukeun di Kelas IV SDN Buahbatu  
Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat)**

**Ku  
Wahid Nur Ihsan  
135060228**

**RINGKESAN**

*Kasang tukang tina panaluntikan ieu téh dumasar kana hasil belajar siswa anu rendah. Hasil diajar anu rendah ieu téh dipangaruhan ku kurangna pamahaman siswa kana materi anu diajarkeun nu disababkeun ku panyampaian materina dipuserkeun ka guru anu janten palajarana ngabosenkeun tur siswa jadi pasif dina ngiluan palajaran. Panaluntikan ieu dilaksanakeun di kelas IV SDN Buahbatu Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat dina Subtema Keberagaman Budaya Bangsa. Usaha anu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa téh nyaéta salah sahiji na ngagunakeun model *Problem Based Learning*. Modél *Problem Based Learning* nyaéta model pembelajaran anu dimimitian kalayan méré masalah ka siswa, dimana masalah ieu téh anu tos dialaman atanapi mangrupikeun pangalaman siswa sapopoé, salajengna siswa ngaréngsékeun masalahna kalayan sorangan anu tujuana pikeun manggihan élmu atawa pangaweruh anyar. Panaluntikan ieu ngagunakeun métode Panaluntikan Tindakan Kelas (PTK) anu tahapanana nyaéta timimiti ngarencanakeun, palaksanaan, observasi, analisis nepi ka refleksi. Panaluntikan ieu dipigawé dinu tilu siklus, saban siklusna di wangun ku 2 pasamoan. Pamenteunan anu dipaké dina pangajaran ieu téh nyaéta nganggé téknik tes nyaeta pretest jeung posttest pikeun nangtukeun pangaweruh siswa, pamenteunan sikep sarta kaahlian ngagunakeun lambar observasi siswa, jeung lambar observasi guru kanggé ninggal tingkat kabhasilan penerapan model *Problem Based Learning* dina panaluntikan ieu. Hasil panaluntikan nembongkeun ayana peningkatan nilai rata-rata anu katinggal tinu hasil diajar siswa sarta observasi guru. Tinu pameunteunan pangaweruh ku ngalakukeun pretest jeung posttest, nilai rata-rata siklus I nyaéta pretest 51,6 jeung posttest 78, nilai rata-rata siklus II nyaéta pretest 58 jeung posttest 82,8, sarta nilai rata-rata siklus III nyaéta pretest 66 jeung posttest 90,8. Nilai rata-rata pameunteunan sikep sopan sarta miara Siklus I nyaéta 71,25 jeung 70, Siklus II nyaeta 70,12 jeung 85,2 sarta siklus III nyaeta 98 jeung 97,4. Sarta nilai rata-rata tinu pameunteunan kaahlian siklus I nyaéta 68,992, siklus II nyaéta 83,993 jeung siklus III nyaéta 96,328. Kacindekan tinu hasil penelitian ieu némbongkeun yen model pembelajaran *Problem Based Learning* téh tiasa ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina subtema Keberagaman Budaya Bangsa Kelas IV SDN Buahbatu Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat.*

Kecap Konci : *Problem Based Learning, hasil belajar, Santun, Peduli.*